

1-888-LSNJ-LAW
(1-888-576-5529)

KIJAN TLAP KAPAB EDE?

Toudepan resous LSNJ, pwojè TLAP la bay kontribyab Nyoudjèze ki pa gen gran mwayen yo asistans pou tout kalite pwoblèm ke yo ta ka genyen ak IRS, tankou Apèl, Tribunal Taks, ak Koleksyon.

Men kèk egzanp pwoblèm TLAP kapab ede'w rezoud:

- Anbago sou lajan taks ou, si yo sezi lajan taks ou, oubyen si y'ap pran sou lajan travay ou,
- Kredi pou depans swen timoun ak moun ki soukont ou,
- Kredi pou taks yo pran sou lajan ou touche nan travay ou,
- Si yo refize voye lajan taks yo dwe'w tounen ba'w,
- Rekou pou konjwen inosan
- Fòm 1099 ak 1099C,
- Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl Kontribyab ITIN,
- Eksepsyon yo,
- Antant pou dèt taks,
- Pwoblèm ak pansyon konjigal ak pansyon pou okipe timoun.

**Legal Services
of
New Jersey**

KONSÈNAN LSNJ

Sèvis Jiridik Nyoudjèze ki se LSNJ, koòdone rezo pwogram sèvis jiridik gratis k'ap bay abitan Nyoudjèze ki pa gen gran mwayen pou peye avoka yo, asistans legal pou granmesi nan zafè sivil. Si ou gen yon pwoblèm legal, epi ou kwè ke sitiyasyon ekonomik ou ba dekwa pou kalifye'w pou resevwa sèvis nou, rele nan liy dirèk LSNJ-LAW™ ki pou tout eta Nyoudjèze a nan:

1-888-LSNJ-LAW
(1-888-576-5529)

Liy dirèk LSNJ-LAW a louvri depi 8:00 a.m. juska 5:30 nan aprèmidi, soti lendi pou rive vandredi.

Chèche jwenn èd legal – aplike nan entènèt


www.LSNJLawHotline.org



www.LSNJLAW.org

**Pwojè Asistans nan
Zafè Taks (TLAP)**

Legal Services of New Jersey



**Founi asistans ak
reprézantasyon nan zafè
taks pou abitan Nyoudjèze
ki pa gen gran mwayen yo**

**Pou kapab jwenn èd legal
gratis, telephone oubyen
aplike nan entènèt**

1-888-LSNJ-LAW
(1-888-576-5529)

www.LSNJLawHotline.org



KISA TLAP LA YE?

REPREZANTASYON

Pwojè Asistans nan Zafè Taks ki se TLAP, founi asistans jiridik gratis bay kontribyab Nyoudjèze ki pa gen gran mwayen yo, lè yo gen pwoblèm ak tèt chaje nan zafè taks.

Lè IRS ekri'w yon lèt, li kapab difisil pou konprann kisa lèt la di, oubyen li posib pou ou gen pèrèz pou reponn poukонт ou. Lè konsa, TLAP kapab ede'w.

TLAP kapab ba'w konsèy, li ka negosye ak IRS pou ou, oubyen reprezante'w si'w dwe ale nan tribinal pou afè taks.

FÒMASYON

Pwojè TLAP la òganize konferans nan kominate yo, piblikasyon ak yon sit wèb: www.lsnjlaw.org pou bay kliyan'l yo enfòmasyon enpòtan sou zafè taks.

ÈSKE OU BEZWEN ASISTANS NOU?

Ou resevwa yon lèt ki soti nan IRS? Pa gen pwoblèm, nou kapab kominike ak IRS pou ou.

Yo kenbe lajan taks ou pou peye dèt madanm oubyen mari'w? Nou kapab fè demach pou ou kapab resevwa pòsyon pa'w la nan lajan an.

Yo kenbe lajan kredi yo te dwe retounen ba'w sou salè'w "Earned Income Tax Credit"? Nou kapab kontakte IRS pou ou, epi pwoteje dwa'w pou resevwa lajan EITC a nan ane k'ap vini yo.

Èske IRS menase mete yon anbagou sou lajan travay ou oubyen mete yon anbagou sou kanè bank ou? Nou kapab kontakte IRS pou nou pale yo de opsyon pèman ke ou vle genyen, tankou kontra pou fè pèman youn pa youn, oubyen, ofri yon sèl ti pèman pou fini ak pwoblèm nan.

Èske ou resevwa yon lèt ki soti nan IRS ki di ke gen yon "deficiency" yon mank nan taks ou yo, epi ou gen 90 jou pou prezante yon petisyon? Nou kapab ede rezoud pwoblèm nan, oubyen prezante yon petisyon nan Tribunal Taks pou ou.

KIJAN MWEN KAPAB JWENN ASISTANS?

Si ou bezwen TLAP ede'w, rele nan liy dirèk enfòmasyon LSNJ a nan 1-888-LSNJ-LAW (576-5529) pou yo ka pran enfòmasyon pèsonèl ou, epi pou detèmine si ou kalifye pou resevwa sèvis nou yo.



Pa blye fè konnen si ou gen dat dèle ke ou dwe respekte nan zafè taks la yo. Li enpòtan tou pou ou gen papye taks yo, lèt IRS ekri'w yo, ansanm ak papye preparasyon taks yo tou.